



Office of Vital Records
125 Worth Street, CN-4, Room 119
New York, NY 10013-4090

GADE ENSTRIKSYON YO AK PRI KI APLIKAB
YO PI BAA AK SOU DEZYÈM PAJ LA.

Enskri pou vote: [voting.nyc](http://voting.nyc.gov)

Pou kòmande sètifika desè yon fason rapid ak sekirize sou entènèt pase pa VitalChek, ale sou nyc.gov/vitalrecords epi klike sou "ORDER A DEATH CERTIFICATE ONLINE" (KÒMANDE YON SÈTIFIKA DESÈ SOU ENTÈNÈT) anwo paj la.

Pou verifeye nan ki etap kòmman ou an ye (batistè tibebe ki fèk fèt, batistè, sètifika desè, oswa koreksyon nan batistè oswa nan sètifika desè), ale sou <https://a816-evital.nyc.gov/eVitalVRRTS/>.

DEMANN SÈTIFIKA DESÈ

(Tanpri ekri klè epi mete tout enfòmasyon ou kapab nan lang anglè. Fòmilè yo remèt nan lòt lang yo ap mande plis tan pou nou travay sou yo. Se pou gade sèlman w ap jwenn tradiksyon fòmilè sa a sou entènèt — se fòmilè ki nan lang anglè a pou w ranpli nan lang anglè.)

1. NON FANMI NAN MOMAN LANMÒ A		2. PRENON		3. <input type="checkbox"/> FI <input type="checkbox"/> GASON <input type="checkbox"/> X*	
4. DAT LANMÒ A MM JJ AAAA		5. SI OU PA KONN DAT LANMÒ A EGZAKTEMAN KÒMANSE RECHÈCH LA MM JJ AAAA		FINI RECHÈCH LA MM JJ AAAA GADE PI BAA POU JWENN ENFÒMASYON SOU PRI	
6. KOTE LANMÒ A RIVE		7. MINISIPALITE <input type="checkbox"/> MANH <input type="checkbox"/> BRONX <input type="checkbox"/> BKLYN <input type="checkbox"/> QUEENS <input type="checkbox"/> SI		8. LAJ	
11. NON MARI AN/MADANM NAN OSWA KONPAYON/KONPAY NAN		12. DÈNYE ADRÈS YO KONNEN LI TE GENYEN		9. KONBYEN KOPI OU BEZWEN? 10. ÈSKE OU BEZWEN YON LÈT ATESTASYON OTANTISITE? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	
14. NON PAPA/PARAN AN ANVAN PREMYE MARYAJ LI		15. NON MANMAN AN/PARAN AN ANVAN PREMYE MARYAJ LI (NON JENNFI)			
16. NIMEWO SEKIRITE SOSYAL		17. NIMEWO SÈTIFIKA (si ou konnen li)			
18. POUKISA OU BEZWEN SÈTIFIKA SAA?		19. KISA OU YE POU DEFEN AN?			

EKRI KOWÒDONE OU KLÈ PI BA A.

NON		NIMEWO TELEFÒN LAJOUNEN	
ADRÈS REYÈL		Kòd Rejyonal - Nimewo Telefòn	
VIL		ADRÈS IMÈL	
ETA		KÒD POSTAL	

20. ÈSKE OU BEZWEN KÒZ LANMÒ A? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Ou gen dwa jwenn kòz lanmò a sèlman si sa ou ye pou defen an nan lis ki pi ba a. Tanpri make ti kare kòrèk la. <input type="checkbox"/> Mari/Madanm oswa Konpayon/Konpay <input type="checkbox"/> Paran oswa Pitit <input type="checkbox"/> Frè/Sè <input type="checkbox"/> Granparan <input type="checkbox"/> Pitit-pitit <input type="checkbox"/> Moun ki responsab sa yo fè ak kò a sou sètifika desè a		21. PRI \$15 pa kopi x _____ kantite kopi = \$ _____ Pri kopi sètifye konfòm nan gen ladan yon rechèch sou de (2) ane konsekitif \$3 pou chak ane nou chèche anplis x _____ kantite ane = \$ _____ Montan Total Peman an (total de (2) montan an \$ ki pi wo a): \$ _____	
--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	--	-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	--

POU NOTÈ PIBLIK LA SÈLMAN

22. SIYATI KLIYAN AN. SI SE PA LAPÒS W AP VOYE LI, LI DWE NOTARYE Avèk siyati mwen pi ba a, mwen deklare mwen se moun mwen di mwen ye a nan dokiman sa a. Mwen afime enfòmasyon ki nan fòmilè sa a konplè ak kòrèk. Anplis de sa, mwen rekonèt si mwen fè fo deklarasyon sou idantite mwen oswa si mwen pran idantite yon lòt moun sa gen ladan imite siyati, yo gen dwa akize mwen de deli e transgresè yo gen dwa gen pou peye yon amann rive jiska \$2,000 tou. _____ Siyati (obligatwa)		DEMANN YO FÈ PA LAPÒS YO DWE NOTARYE ETA _____ KONTE _____ SÈMANTE EPI SIYEN DEVAN MWEN: NAN _____ YE/YÈM JOU MWA _____, 20 _____ SAA _____ SIYATI NOTÈ PIBLIK LA		SO NOTÈ PIBLIK LA	
-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	--	----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	--	-------------------	--

Nou pa aksepte kat kredi pou kòmman pa lapòs. Tanpri fè chèk ou a oswa manda postal ou a sou non "NYC Department of Health and Mental Hygiene". Si ou andeyò Etazini, voye yon manda postal entènasyonal oswa yon chèk ki tire sou yon bank ameriken. **Nou pa aksepte kach ni pa lapòs ni an pèsonn.**

KÒMANDE SÈTIFIKA DESÈ SOU ENTÈNÈT YON FASON RAPID AK SEKIRIZE NAN [NYC.GOV/VITALRECORDS](http://nyc.gov/vitalrecords)

*X se yon sèks ki pa ni gason ni fi (yon idantite seksyèl ki pa binè).
VR 66 (Rev. 8/23 Haitian Creole)

ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU SÈTIFIKA DESÈ

Sa ou ye pou defen an	Sètifika Desè ak Kòz Lanmò	Sètifika Desè Sèlman
Mari/Madanm, Konpayon/Konpay, Paran, Pitit, Frè/Sè, Granparan, Pitit-pitit	✓	
Nyès, Neve, Matant, Monnonk, Pitit pitit-pitit, Pitit-pitit pitit-pitit, Pitit fi pitit frè/sè, Pitit gason pitit frè/sè		✓

- Bay fo enfòmasyon, sa gen ladan imite yon siyati, pou jwenn yon sètifika desè se yon deli e transgresè yo gen dwa gen pou peye yon amann tou rive jiska \$2,000 pa vyolasyon.
- Bay fo idantifikasyon se yon krim epi y ap mennen transgresè yo devan lajistis.
- Tanpri gade pi ba a pou konn sa nou egzije pou idantifikasyon, pri yo ak lòt enfòmasyon enpòtan.
- Sa nou egzije yo pou ID ka chanje.

3 Fason pou Kòmande yon Sètifika Desè Vil New York

- **Sou entènèt:** Ale sou nyc.gov/vitalrecords pou kòmande avèk kat kredi, kat debi oswa chèk elektwonik. **Se sèlman mari/madanm, konpayon/konpay, paran, frè/sè, granparan, pitit-pitit, oswa moun ki responsab sa yo fè ak kò a (deklaran an) ki gen dwa fè demann sou entènèt.**
- **An pèsonn:** Pou fè demann ou an an pèsonn, ou dwe pran randevou sou entènèt nan <https://wb-nycdohmh.qmatic.cloud/qmaticwebbooking>.

Si ou pa ka pran randevou e ou gen yon demann ijan poutèt kouvèti asirans sante, sèvis gouvènman, fòs ame, lojman oswa travay, voye yon imèl pou nycdohvr@health.nyc.gov oswa rele **311**.

Adrès biwo a se 125 Worth Street nan Manhattan e li ouvè depi nan lendi rive nan vandredi, 9 a.m. jiska 3:30 p.m. Pase pa antre Lafayette Street (li aksesib pou andikape) oswa Centre Street yo. Tanpri gade sa nou egzije yo pou idantifikasyon pi ba a.

- **Pa Lapòs: Ou dwe siyen demann w ap voye pa lapòs yo devan yon Notè Piblik.** Voye demann ou an pa lapòs pou 125 Worth Street, CN-4, Room 119, New York, NY 10013. Pa bliye mete yon anvlòp ki gen adrès ou ak tenm ansanm ak chèk ou a oswa ak manda postal ou a ke w ap fè sou non "NYC Department of Health and Mental Hygiene". W ap gen pou bay fotokopi idantifikasyon nou egzije yo tou ak tout dokimantasyon ki nesèsè (gade pi ba a).

Pyès idantite (identification, ID) nou egzije pou kliyan yo bay sa gen ladan mari/madanm defen an, konpayon/konpay li, paran li, frè/sè li, granparan li, pitit-pitit li, oswa moun ki responsab sa yo fè ak kò a (deklaran an)

N aksepte nenpòt nan sa ki annapre yo **SI** li gen foto ou ak siyati ou e li pa ekspire:

- Lisans kondui oswa kat idantite ki pa pou kondui
- Kat avantaj sosyal NYS ki gen foto
- Paspò oswa kat paspò ameriken oswa etranje
- ID minisipal IDNYC
- Kat rezidans pèmanan
- ID inivèsite oswa kolèj avèk dènye relvednòt ou
- ID prizònnye avèk papyè liberasyon ajou
- ID travay avèk dènye souch chèk peman w lan
- Kat Access-A-Ride NYC
- Kat rabè pou MTA NYC
- Kat ID militè

Si ou pa gen okenn nan bagay sa yo ki pi wo a, nou aksepte tou:

- De (2) dokiman diferan ki gen yon dat ki poko gen 60 jou, si yo montre non ou ak adrès ou (n ap voye batistè a pou ou pa lapòs):
 - Bòdwo sèvis piblik oswa telefòn (ou ka telechaje bòdwo ki sou entènèt nan men founisè w lan)
 - Lèt ofisyèl ou resewa nan men gouvènman an

Dokimantasyon nou egzije nan men moun k ap fè demann ki PA fanmi defen an

Si ou **pa** fanmi defen an, ou dwe montre ki dwa ou genyen pou jwenn sètifika desè. Ou gen dwa jwenn sètifika desè si ou se reprezantan legal eritye yo, si ou se yon pati ki gen yon dwa pwopriyete ou bezwen pwoteje oswa revandike, oswa si ou ka prezize yon lòt objektif jiridik oswa yon lòt bon objektif. Men dokimantasyon ou ka bay:

- Polis asirans
- Kanè bank oswa relve kont labank
- Lèt dokiman ki montre dwa ou
- Testaman
- Tit pwopriyete

Si ou pa ka bay dokiman nou egzije yo, rele **311** epi mande pou "**Vital Records assistance**" (asistans pou Eta Sivil) oswa voye yon imèl pou nycdohvr@health.nyc.gov. Si ou andeyò NYC, rele 212-639-9675.